**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—12.06.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के नेतृत्व मे देश विकासक नव ऊँचाई के छूलक अछि। ओ कहलनि जे निर्वाचित प्रधानमंत्री के रूप मे नरेन्द्र मोदी सभ सँ दीर्घ कार्यकालक रिकॉर्ड बनौलनि अछि जे जनताक विश्वासक प्रमाण अछि। श्री चौधरी मोदी सरकारक बारह वर्ष पूरा भेला पर पटना मे आयोजित मीडिया संवाद के संबोधित कऽ रहल छलाह। श्री चौधरी कहलनि जे भारतीय जनता पार्टी जे कोनो संकल्प जनता के समक्ष राखलक ओकरा पूरा करबाक भरिसक प्रयास कयलक अछि। जाहि मे जम्मू कश्मीर सँ अनुच्छेद तीन सय सत्तरि आ पैंतीस—ए के समाप्त करब पार्टीक ऐतिहासिक प्रतिबद्धता छल। जकरा प्रधानमंत्री मोदी के नेतृत्व मे पूरा कयल गेल अछि। एकर अलावे अयोध्या मे राम मंदिरक निर्माण के सपना सेहो पूरा भेल। श्री चौधरी कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपन कार्यकाल मे बिहारक विकास के लेल अपन प्रतिबद्धता देखौलनि जाहि कारण राज्य आइ प्रगति के पथ पर अग्रसर अछि। श्री चौधरी कहलनि जे केन्द्र सरकार द्वारा राज्य के विभिन्न मद मे बारह लाख नब्बे हजार करोड़ टाका के मददि आ आवंटन भेटल अछि जाहि सँ राज्य मे आधारभूत संरचना आ विकास काज के गति भेटल अछि।

मुख्यमंत्री प्रधानमंत्री मुफ्त सूर्यघर योजना के उल्लेख करैत कहलनि जे एहि माध्यम सँ पचास लाख घर धरि सौर ऊर्जा पहुंचेबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। ओतहि मुख्यमंत्री राज्यक वित्तीय प्रबंधन सँ जुड़ल मुद्दा पर कहलनि जे वित्तीय स्थिति पूर्णरूपेण नियंत्रण मे अछि आ सरकार नियोजित तरीका सँ अपन आर्थिक स्थिति के मजगूत कऽ रहल अछि।

---

केन्द्र सरकार संस्थागत, औद्योगिक आ वाणिज्यिक ग्राहक लोकनि कैँ खुदरा विक्रेता सभ सँ मोटर ईंधन आ हाई स्पीड डीजल कीनबा पर रोक लगा देलक अछि। ई निर्णय पश्चिम एशिया संकटक कारणे वैश्विक आपूर्ति श्रृंखला मे आयल बाधा के मध्य स्थानीय स्तर पर ईंधनक कमी कैँ रोकबाक हेतु लेल गेल अछि। पेट्रोलियम आ प्राकृतिक गैस मंत्रालय एक

अधिसूचना मे कहलक अछि जे ई प्रतिबंध नब्बे दिन धरि लागू रहत। खुदरा विक्रेता लोकनि कैँ निर्देश देल गेल अछि जे ओ प्रति ग्राहक प्रतिदिन बेसी सँ बेसी मात्र दू सय लीटर हाई स्पीड डीजल बेचथि।

———————————————————————————

राष्ट्रीय परीक्षण एजेंसी– एनटीए एक्कैस जून कैँ होबऽबला नीट यूजी पुनर्परीक्षाक परीक्षा अवधि कैँ पंद्रह मिनट बढ़ा कऽ एक सय पंचानबे मिनट कऽ देलक अछि। नव समय दूपहर दू बजे सँ सांझ सवा पांच बजे धरि रहत। संशोधित परीक्षा अवधि मे अनिवार्य परीक्षा औपचारिकताक लेल आवश्यक समय सम्मिलित अछि। संगहि एजेंसी प्रश्न पत्र पुस्तिका के संग देल जायबला रफ वर्कशीट के दू पृष्ठ सँ बढ़ा कऽ चारि पृष्ठक कऽ देलक अछि।

———————————————————————————

केंद्र सरकार प्याजक खरीद मूल्य कैँ संशोधित कऽ एक हजार छओ सय पचास टाका प्रति क्विंटल कऽ देलक अछि। उपभोक्ता मामिला, खाद्य आ सार्वजनिक वितरण मंत्री प्रल्हाद जोशी एक सोशल मीडिया पोस्ट मे ई जनतब देलनि।

———————————————————————————

बेगूसराय जिलाक बखड्डा स्थित एनएच– एकतीस पर सड़क हादसा मे मधेपुरा जिलाक तीन थाना प्रभारी सहित चारि गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। बेगूसराय के पुलिस अधीक्षक मनीष कुमार जनौलनि जे साहेबपुर कमाल थाना क्षेत्र मे काल्हि राति चारि पहिया वाहनक अनियंत्रित भऽकऽ ट्रक सँ टकरेबाक कारणे ई दुर्घटना भेल। ओ जनौलनि जे एहि घटना में मधेपुरा जिलाक अरार थानाध्यक्ष अमरेंद्र कुमार, बेलारी थानाध्यक्ष नीरज कुमार तथा रतवारा थानाध्यक्ष साजन कुमार आ कार चालकक मृत्यु भऽ गेलनि। सभ पुलिसकर्मी पटना सँ आपस घुरि रहल छलाह। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एहि हादसा मे तीन थानाध्यक्ष सहित चारि लोकक भेल मृत्यु पर अपन दुख व्यक्त कयलनि अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे ओ कहलनि अछि जे दुखक एहि क्षण मे सरकार शोक संतप्त परिवारक संग अछि।

———————————————————————————

आइ विश्व बाल श्रम निषेध दिवस अछि। विश्वभरि मे बाल श्रमक प्रथा कैं समाप्त करबाक आ लोकसभ कैं ओकर प्रति जागरूकता बढ़ेबाक उद्देश्य सँ ई दिवस मनाओल जायत अछि। एहि वर्ष एहि दिवसक थीम अछि– "बाल मजदूरी कैं रेड कार्ड बच्चा सभक लेल निष्पक्ष खेल, वयस्क सभक लेल सम्मानजनक काज"। बाल श्रम निषेध दिवसक अवसर पर प्रदेशभरि मे कतेको जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी प्रदेशवासी लोकनि सँ बच्चा सभ के सुरक्षित, शिक्षित, स्वस्थ आ सम्मानपूर्ण बचपन कैं आओर बेसी सशक्त बनेबाक आग्रह कयलनि अछि। उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आ बिजेन्द्र प्रसाद यादव सेहो लोकसभ सँ बच्चा सभ के हुनक अधिकार दियेबाक लेल प्रतिबद्ध रहबाक अपील कयलनि अछि। ओतहि, श्रम संसाधन आ प्रवासी श्रमिक कल्याण मंत्री अरूण शंकर प्रसाद कहलनि अछि जे राज्य सरकार बाल श्रम मुक्त बिहार अभियानक लेल सभ सम्भव प्रयास कऽ रहल अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक प्रभाव सँ वर्षाक परिस्थिति बनल अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला दू दिनक दरमियान राज्य बेसीतर भाग मे वर्षा हेबाक संभावना अछि। विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार कटिहार जिलाक प्राणपुर मे सभ सँ बेसी बेरासी दशमलव आठ मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। राज्यक शेष भाग सभ मे हल्का सँ मध्यम वर्षा भेल अछि। जाहि सँ अधिकतम तापमान मे तीन सँ छओ डिग्री सेल्सियस धरिक कमी दर्ज कयल गेल अछि। ओतहि, मौसम पूर्वानुमान मे कहलक गेल अछि जे काल्हि राज्यक पूर्वी, उत्तर–पश्चिमी आ उत्तर–मध्य भाग मे वर्षा भऽ सकैत अछि। एहि दरमियान दरभंगा, मधुबनी, समस्तीपुर, वैशाली, मुजफ्फरपुर, सीतामढ़ी, शिवहर, किशनगंज, पूर्णिया, कटिहार, भागलपुर आ बांका सहित राज्यक आनो–आन जिला सभ मे भारी वर्षा के चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल